

## **ZVITVA MAERERANO NECOVID - 3, March 2021**

### **CHII CHITVA**

Tinokuchingamidzai munhau dzitsva dzemwedzi waKurume dze Covid – 19.

#### **Kungorororwa neveKEMH**

- MASwabs ose aitwa akaongororwa kusvika pari nhasi : 7,040
- Maswabs ose aitwa asati aongororwa : hapana ( 0 )
- Maswabs ose akaonekwa aine hutachiwana kubva musi wa 3 April (kubvumbi) 2020: 54
- Huwandu hweavo vane hutachiwana parizvino muno muma Islands : 3

Parizvino hapana munhu anehutachiwana hwe Covid-19 muchipatara cheKEMH. Chipatara chiri kuenderera mberi nekushanda zvapaketwa kuitira kuti matanho akakodzera atorwa munzvimbo dzinonzi (HOT areas) nzvimbo dzinochengeterwa avo vane hutachiwana neidzo dzinonzi (COLD) dzinova nzvimbo dzinoshandiswa neveruzhinji muchipatara .Matanho anova kupfekwa kwemamask, kugara kure nakure pamwe nekuongororwa kwehutachiwana mushure memazuva matatu ogaoga kuvashandi vemunzvimbo ye “HOT” inochengeterwa avo vanenge varwara vaine hutachiwana paKEMH.

#### **ZVIZERE MAERERANO NEKUBAYIWA MUSHONGA WEKUDZIVIRIRA COVID-19**

Parizvino takwanisa kupa vanhu vanosvika 1,787 mushonga wekutanga wekutzivirira Covid-19 weOxford/AstraZeneca. Izvi zvichireva uwandu hwevanhu hunoita 98.99%. Avo vanotarisirwa kunge wakapihwawo mushonga uyu asi vasina kukwanisa nekuda kwezvipingidzo zvakasiyana siyana, zvinosanganisira kurwara kana, kunge vasipo, vachakwanisa kupihwa mushonga wavo wekutanga apo parikupiwazve chikwata chikuru chevanhu mushonga uyu , izvi zvirikutarisirwa kuitwa kubva musi wa 22 March 2021. VeKEMH vari mubishi kuronga nezvechirongwa ichi che covid-19 vaccination naizvozvo veruzhinji vachaudzwa mafambire azvichaita mumazuva anotevera.

#### **ZVINODIWA PAKUGARA WAKAZVIPARADZANISA NEVAMWE**

Vanhu vose varikusvika kana kupinda muno muFalkland Islands, vangava vachifamba nemumvura, kana nemuchadenga, vanofanira kupedza mazuva gumi nemana (14) vachigara pavo vega vakazviparadzanisa kubva kunevamwe vose izvi zvichienderana maringe nebato guru re infectious Diseases Control (Coronavirus, Quarantine) Regulations 2021. Munogona kuverenga zvizere maererano nemitemo iyi paineternet, tsvagai pa: <https://www.legislation.gov.fk>

Vanhu vose vanenge vari kuzviparadzanisa nevamwe , havafanire kugara nevamwewo vanhu pamba pavo kana kushandisa zvinhu zvakafanana ne (zvimbuzi kana imba yekubikira) neuyo kana avo vanenge vasiri kuzviparadzanisa nevamwe. Avo vanenge vari kuzviparadzanisa neveruzhinji vachatambira runhare kubva kune vehutano hwevanhu vechipatara vachivakurudzira kuti vashande pamwe nevechirongwa chesurveillance swabbing. Izvi zvinoreva kuti avo vanenge vari kuzviparadzanisa nevawe vachatorwa maswabs ecoronavirus katatu pamazuva akasiyana , kuitira kuti pavanobuda kuti vasangane neveruzhinji vange vaine chokwadi chekuti havana hutachiwana hwechirwere ichi.

## **ZVINODIWA PAKUFAMBA UCHIBUDA MUNO – NORTHBOUND FLIGHTS**

Musi wa15 February, hurumende yenyika yeUK yakaisa mitemo mitsva kune avo vanenge vachibva kune dzimwe nyika, kunze kweidzo nyika dzavafambidzana kana kudyidzana nadzo mazuva ose. Mitemo iyi inoreva kuti inobatawo avo vanosvikira paBrize Norton vachibva kuno kuFalkland Islands.

Chokutanga, munhu wese anopinda kana kusvika munyika yeEngland anofanira kugara mazuva anosvika gumi (10) ari muquarantine. Chechipiri, munhu wese asati abva kunyika kwaari achida kuenda kuEngland, anofanira kubhuka pamwe nekubhadhara mari ye inonzi “travel test package” izvo zvinozoita kuti vakwanise kuitwa ma tesiti eCovid-19 ayo anoitwa musu waunosvika kana zuva rechipiri risati rasvika wapinda munyika iyi, uye pazuva rechisere (8) kana papera mazuva 8 uri muquarantine.

Kuongororwa uku kunoita £210 asi unofanira kugara wabhuka “online”. Haukwanise kubuda muquarantine kusvika waita “a negative result” kubva zuva rechi 8 uri muquarantine uye wapedza mazuva gumi uri kuzviparadzanisa nevamwe. Kutadza kuitwa ongororo idzi, zvinoita kuti upihwe mutongo wemari inosvika £2000. Munhu wese achawanikwa ari positive achasungirwa kuita mazuva mamwe gumi ari muquarantine kubva musu waaita “a positive test”.

Rwuzivo rwakawanda rwunowanikwa pa Uk government’s website: <https://www.gov.uk>

## **ZVINODIWA PAKUFAMBA UCHIPINDAWO MUNO – SOUTHBOUND FLIGHTS**

Kubva musu wa1 March, munhu wese arikuuya muno muFalkland Islands ane makore maviri kana kupfuura anofanira kutaridza umbowo hwe ‘negative PCR test’ ye covid-19 mazuva mashanu asati adarika kuti asvike muSenegal. Izvi ndizvo zvavakudiwa nevehurumende ye Republic of Senegal naizvozvo zvinobatawo vose vari kuuya muFalkland Islands sezvo ndege yeairbridge ichimbomira muDakar munzira yayo yekuuya muFalkland Islands.

**Vose varikuya muno Mufalkland Islands vanofanira kuita zvinotevera vasati vakwira ndege:**

- Zadzisai gwaro re IDC5 moritumira kune hofisi ye flight booking
- Onai kuti magadzirira zvemba iyo muchazenge muchigara muri muquarantine mopa FIG humbowo uhu
- Wonai kuti magadzira zvefafambiro umuchaita kuenda kumba yemuchange muchigara-vanhu vanofanirwa kushandisa mabhazi anopihwa ne hurumende kana kushandisawo motokari dzavo, asi kana muri kushandisa motokari dzenyu munofanira kunge uri wega kana avo wamuchange muchigara navo panguva yezviparadzanisa nevamwe muri muquarantine

*Chiziviso: Nekuda kwekuchengetedza hutano nemagariro everuzhinji hurumende yakaisa mabhazi ehurumemende ekuti ahandiswe nevole vanenge vachangosvika muno, n zvimbo dzekugara mumabhazi aya e Penguin travel dzinosvika makumi mana (40) chete. Naizvo kuzomhanya mhanya motsvaga nzvimbo kwasara mazuva mashoma kuti musvike muno hazvikurudzirwi, sezvo panenge pasisina nguva yekutsvaga dzimwe nzira dzekufambisa kana ve Penguin Travel vakazara.*

***Nhau dzemwedzi unotevera dzeCovid-19 dzemuno muFalkland Islands  
dzichavako musi 7 April 2021.***